

Chè anplwaye, paran ak gadyen SPS yo,

Premyèman, nou ta renmen remèsye tout moun nan patenarya nou, ak kontinye ede nou kenbe lekòl yo an sekirite kont COVID-19. Objektif nou rete pou kenbe lekòl yo ak pwogram yo ouvri chak jou pou elèv ak anplwaye yo. Nan efò n ap kontinye sipòte yon retou lekòl san danje pou elèv ak anplwaye ki te teste pozitif pou COVID-19, **n ap fè yon ti ajisteman nan pwotokòl izolasyon an pou enkli yon opsyon tès rapid lakay pou nenpòt elèv osinon manm pèsònèl k ap izole epi ki vle teste anvan li retounen nan lekòl la.** Nou kwè etap adisyonèl sa a pral asire nenpòt anplwaye osinon elèv ki toujou teste pozitif apre premye 5 jou izolasyon yo ap gen enfòmasyon ki nesèsè pou detèmine yo bezwen 5 jou anplis rekiperasyon pou retounen travay osinon lekòl san danje.

Pwotokòl ajou nou yo, baze sou Depatman Sante Piblik Massachusetts ak CDC, swivan jan sa yo:

Nenpòt elèv osinon manm pèsònèl ki teste pozitif pou COVID-19 dwe izole lakay yo pou omwen 5 jou, dapre dènye direktiv CDC ak eta a.

Aprè 5 jou izolasyon konplè nesèsè, yon elèv osinon yon manm pèsònèl ka retounen lekòl sou 6èm jou apre sentòm yo te kòmanse, toutotan:

- Pa gen fyèv pou 24 èdtan (san yo pa pran medikaman pou diminye lafyèv la); AK,
- Sitou sentòm yo rezoud (sa vle di: ou ka gen yon tous okazyonèl, men ou pa santi ou malad ankò); AK,
- Ou mete yon kach nen pandan 5 jou anplis lè w bò kote lòt moun, eksepte lè w ap manje. Si yo pa kapab mete kach nen, peryòd izolasyon an ap pou 10 jou.

Si yon moun gen aksè a yon tès epi li vle fè tès la, pi bon apwòch la se sèvi ak yon tès rapid 5yèm jou peryòd izolasyon an nan aswè. Si rezilta tès la pozitif, kontinye izole tèt ou jiska 10yèm jou an, epi retounen lekòl la sou 11yèm jou an.

Apati madi 18 janvyè, SPS pral bay nenpòt elèv osinon manm pèsònèl ki izole e ki vle fè tès men ki pa jwenn aksè tès sou 5yèm jou a yon sèl twous tès rapid.

- Elèv osinon manm pèsònèl **ki teste pozitif nan lekòl la** pral resevwa yon kit tès rapid anvan yo kite pou yo kòmanse peryòd izolasyon an.
- Pou elèv osinon manm pèsònèl **ki teste pozitif andeyò lekòl la**, yon manm fanmi ki disponib ka vin chèche yon twous tès nan biwo santral SPS la (8 Bonair Street) lendi rive vandredi ant 8:00 a.m. ak 4:00 p.m.

- Si yon elèv osinon yon fanmi gen difikilte pou vin pran yon twous tès rapid lakay, yo dwe kontakte direktè lekòl la pou fè yon lòt aranjman pou asire li jwen yon twous tès rapid.

Elèv ki retounen lekòl anvan 10yèm jou a ap kenbe yon distans fizik de omwen 6 pye ak lòt moun pandan y ap manje, si posib chita a distans.

Thank you for your continued assistance in maintaining the health and safety of our students and staff.

Mèsi pou asistans ou nan kenbe sante ak sekirite elèv avèk anplwaye nou yo.

Respè,

Mary Skipper, Sipèentandan